

# TRIKOMONAZ

## Ki sa Trikomonaz yé?

Trikomonaz sé yon maladi seksyèlman transmisib (MST) Ki kozé pa yon parazit (Mikwòb). Trikomonaz ka afekte ni gason ni fanm, men li pi kouran kay fanm.

## Kòman yon moun ka pran Trikomonaz?

Trikomonaz transmèt lè yon moun fè sèx swa ant peni e vajen, ou ant vajen e vajen avèk yon moun ki enfekté. Fanm ka atrape maladi a dé yon gason ou yon fanm ki genyen li, men generalman, gason atrapé li sèlman nan fanm ki enfekté.

### Men kijan ké ou kapab ogmanté risk pou-w enfekté tankou:

- Fè sèx ak kapòt ki pa latex ou di mwens polyurethane
- Fè sèx ak plisyè moun
- Gen diferan lòt MST ou VIH

## Ki moun ki ka atrapé Trikomonaz?

Gason ak fanm ki ap fè sèx souvan kapab trape trikomonaz, men fanm atrapé maladi a pi souvan ké gason. O Zeta Zini, yo dekouvri 7,4 milyon nouvo ka lakay gason ak fanm chak ané.

## Ki sentòm Trikomonaz?

Majorité moun pa gen sentòm. Lakay fanm, sentòm yo ka komansé parèt sou 5 jou aprè li fin enfekté, konsa tou yo ka parèt sou 28 jou aprè enfeksyon.

### Pou fanm :

- Deshaj (likid) jòn ké ou pat konn abityé wè, ou ki vin ogmanté e kap soti avèk gwo sant nan vajen an
- Doulè ou malèz lè Li ap fè pipi ou fè sèx
- Iritasyon ou gratèl lan vajen
- Nan enfeksyon ki pi grav- yo, doulè anba ti vant ak lan do

### Pou gason:

- Gout deshaj (likid) kap soti lan peni (pijon) ou

- Iritasyon an dedan peni an
- Kèk ti doule aprè-l fin pipi ou ejakilé (voyé)

### **Pandan konbyen tan yon moun ki enfekté ka transmèt Trikomonaz?**

Yon moun ka pwopajé trikomonaz ka bay lòt moun depi menm lè li enfekté a jis kas ké li jwen tretman. Yon moun ka trasmèt trikomonaz bay lòt moun san li pa santi okin sentòm. Si wap pran medikaman pou tretman, ou pa ka al lan relasyon seksyèl jis kas ké ou fini ak tretman-an e ou pa santi okin sentòm ankò.

### **Koman poum fè konen si mwen gen Trikomonaz?**

Fè tès se sèl mwayen ki pi garanti pou ou konen si ou gen trikomonaz. Doktè ka egzamine kò-w e pasé yon aplikatè lan zòn ki enfekté-a pou fè tès pou trikomonaz. Trikomonaz ka ogmante risk lakay fanm pou atrapé VIH. Konsa, li trè empòtan pou al fè tès.

### **Ki koté ké mwen ka al fè yon tès ?**

Prèské tout dispansè ou lopital ka fè ekzamen pou trikomonaz ou tès pou tout lòt maladi ki transmèt seksyèlman . Pou jwen dispansè ki pi pré bò lakay ou, relé lan nimewo telefòn majistra-a **617-534-5050** ou **1-800-847-0710** ou di mwens al sou sit entènèt sa a <http://www.hivtest.org/STDTesting.aspx> answit antré kòd postal ou.

### **Eské trikomonaz ka treté ?**

Wi. trikomonaz ka treté avèk medikaman. Shèshé wè doktè-w si ou kontinyé santi sentòm apré lè ou fin pran medikaman.

### **Eské mennaj mwen bezwen treté ?**

Wi. Moun ké ou té gen relasyon seksyèl lan tan ki fèk pasé ou di mwens mennaj **Dwe treté** pou trikomonaz avan li fè e Sèx li pi bon si nou treté an menm tan. Li enpòtan pou ou konnen ké ou ka trapé trikomonaz plisyè fwa.

### **Eské Trikomonaz ka enfekté yon fanm ansent ak ti moun nan vant li an ?**

Wi. Fanm ansent ki gen trikomonaz ka fè pitit avan lè-l, ou timoun prematiré.

### **Eské enfeksyon Trikomonaz grav ?**

Sentòm Trikomonaz kozé yo ka ogmanté shans fanm yo pou atrapé lòt maladi seksyèlman transmisib (MST) tankou VIH, e Ekoulman. Pou diminyé risk sa yo, alé fè tès epi itilizé metòd prevansyon sa yo :

### **Koman mwen ka pwotejé tèt mwen kont Trikomonaz?**

Mwayen ki pi garanti pou pwotejé tèt ou a 100% kont Trikomonaz se pa al lan relasyon seksyèl.

Si ou al lan relasyon seksyèl, men kisa ou ka fè pou diminyé chans trapé Ekoulman.

- Toujou itilize kapòt latex ou polyurethane ou di mwens pwoteksyon pou boush, lè wap fè sèx lan dèyè (anis), lan vajen, ou lan boush(oral)
- Kondòm ki fèt ak materyèl natirèl ka anpeshé fanm ansent, men pa ka anpeshé ou trapé MST
- Redwi kantité mounn ké ou gen relasyon seksyèl avèk yo
- Palé ak mennaj sou mst e kòman nou ka fè tès pou konen si nou pa malad
- Pale ak doktè-w sou ki jan pou pwotejé tèt ou lan relasyon seksyèl e kijan pou ou fè tès
- Fòk ou konen ké lè wap sèx pandan ké ou anba dròg, ou di mwens pandan ké ou sou, chans lan ogmanté pou fè ak sèks san pwoteksyon
- Kontakté doktè ou si ou santi yon lan sentòm sa-a yo.

**Pou plis enfòmasyon relé**

**Depatman Sante Piblik nan Boston (Boston Public Health  
Commission)**

**Biwo Maladi Kontajiez (Infectious Disease Bureau)**

**617-534-5611 or [www.bphc.org](http://www.bphc.org)**